*Winalikan jaman, Jumeduling Ratuning Adil, Akeh bencana tan dityana-nyana,
Lan para penderek ratu lumut kendil, Do mlayu pontang-panting, Nylametake
nyawa tinimbang bandha, Diwiwiti dina tahune wali sanga*

Artinya :

Jaman berganti, Ratu Adil muncul. Datang bencana yang tidak diduga para pendukung raja lumut kendil akhirnya lari tunggang langgang, menyelamatkan diri. Semuanya dimulai tahun wali sanga, (sanga kang wola-wali sembilan yang silih berganti atau tahun 1999)

Jayabaya (30 Desember 1990)

Parane saka etan Gunung Lawu, Tedake mangulon, Tan bapa tan bibi Linambaran payung pupus godong gedang mas, Agegaman Trisula Wedha, Pandereke Gatutkaca mayuta-yuta, Ajine sabdha dadi, Pangawak Bethara Indra, Pasuryan Bethara Kresna, Pningal Bethara Surya, Awewatak Baladewa

Artinya :

Asalnya dari etan¹ gunung lawu bergerak menuju barat. Tidak mempunyai ayah dan ibu, beralaskan pucuk daun pisang dan gedang mas². Kepercayaan Hyang Widhi, Trisula Wedha, tidak lain merupakan penggabungan tiga ajaran agama (Hindu-Budha, Kristen, dan Islam) menjadi satu. Pengikutnya Gatutkaca (pasukan Sirrulah) yang jumlahnya berjuta-juta, memiliki pusakan Sabdha Dadi³, berpostur tubuh bethara Indra (gagah dan tampan), berwajah Bethara Kresna (penuh senyum dan kharismatik), sorot mata Bethara Surya (berwawasan dan berpengetahuan luas), dan memiliki watak Baladewa (tegas dan bersahaja)

Yen to menang tanpa ngasorake klawan musuh, Sakti tanpa aji-aji, Ratu iki nyalandi, Wegig, wasis, wakhita, Ngawuningani jantrane jaman Jawa, Tan kalepyan sesurupaning jaman, Bisa nyembadani ruwet rentenge wong, Sapirang-pirang Ngerahake sakabehing jim, setan, kumara, prewangan, Para lelembut kabawah prentah saeka-praya, Begja-begjane sing yakin lan tuhu setya sabdanira, Yen kersa sinuyudan wong sa-Tanah Jawa, Nanging mung pilih-pilih sapa, Idune idu geni, sabdane malati, Sing bregudul mesti mati, Sapa ala njawat dadine kuwalat

Artinya :

Kalaupun menang tanpa meremehkan musuh. Sakti tanpa jimat. Raja ini sungguh penuh misteri. Pandai menyiasati keadaan, fasih berbicara karena berpengalaman luas, serta memiliki penglihatan gaib. Mengetahui perjalanan jaman Jawa. Tidak melupakan perubahan jaman serta dapat mengatasi permasalahan hidup orang banyak. Dapat memerintah jin, setan, roh, dan prewangan. Para makhluk halus tunduk di bawah komandonya, beruntunglah mereka yang yakin, patuh, dan setia akan sabdanya. Jika bersedia ia akan menjadi junjungan manusia setanah Jawa, namun itupun masih dipilih-pilih, sabdanya pasti terjadi siapa yang berkeras hati pasti tewas, siapa ang berniat buruk pasti celaka.

Lola wus aputus Wedha Jawa, Sirik den wenehi, ati malati, Senenge anggodha anjejaluk cara nistha, Ngerta yen iku coba, aja kahina-hina, Ingaran begawan, wong dudu pandhita, Sinebut pandhita dudu dewa, Sinebut dewa kaya manungsa,

¹ etan berarti kawitan atau asal usulnya langsung dari gunung lawu, gunung Lawu merupakan simbol pusat spiritual tertinggi. Disebut sebagai Ilahi Wahyu Agung.

² Daun pisang yang berwarna hijau memberikan simbol Naga, sedangkan gedang mas dengan warna kuning merupakan simbol Matahari.

³ Sabdha Dadi (Kun Fayakun) adalah perkataan yang selalu terjadi, dengan demikian untuk menjadikan sesuatu tinggal diucapkan.

Tan ana pitakonan kang binalekake, Tan ana jantra kang binisikake, Kabeuh kajarwakake njentreh, Gawang-gawang terang drandang

Artinya :

Tidak memiliki orang tua serta menguasai ajaran Jawa. Pantang diberi dan batunya bisa mendatangkan azab. Suka menggoda dengan cara meminta-minta secara nistha. Ketahuilah bahwa itu ujian, jangan sampai dihina. Disebut pula begawan padahal bukan pandhita, disebut pandhita padahal bukan dewa, disebut dewa padahal bersosok manusia. Tidak ada pertanyaan yang tidak terjawab. Tidak ada tengara zaman yang dibisikkan , semua diutarakan secara rinci dan sangat jelas.

Aja gumun aja ngungun, Yaiku Putra Bethara Endra kang pembayun, Tur asih kuasa nundhung setan, Ya siji iki kang bisa mbabar jangka kalaningsun, Tan kena diapusi marga bisa manjing jroning ati, Ngangsuwa sumur ratu tanpa makutha, Aja kongsi jaman kandas

Artinya :

Jangan heran dan terpana. Itulah putera sulung Bethara Indra, yang berkuasa mengusir setan. Ksatria inilah yang dapat membeberkan Jangka-kala saya. Tidak dapat dibohongi, sebab dapat menyusup kedalam hati. Bergurulah kepada Ratu yang tidak bermahkota, jangan sampai terlambat.

Gegamane Trisula Wedha, Kinaran putra kinasih, Satrianing prang Sunan Lawu, Putra tunggal Sunan Muria, Dewa angejawantah manungsa, Tan pakra anggone nyandhang, Tanpa busana Narendra, Pideksa, wegig, wasis, waskitha, Pengawak Bethara Indra, Palingal Bethara Surya, Den upadinen satria iki, Wus mudhun ing Tanah Pertiwi, Kang arep gantine Zaman Suci, Tan nyeyandang anggone jejeran Ratu

Artinya :

Bersenjatakan Trisula Wedha yang disebut sebagai putera terkasih senapati sunan Lawu, putera tunggal sunan Muria, Dewa mwngwjawantah manusia. Tidak patut dalam berbusana, tidak berbusana raja, gagah perkasa, pandai bersiasat, pandai berbicara, dan memiliki penglihatan gaib. Berpostur tubuh Bhetara Indra, dan penglihatan Bhetara Surya. Maka carilah Ksatria ini yang sudah turun di muka bumi, menjelang pergantian menuju jaman suci. Tidak berpakaian kebesaran saat penobatan sebagai Raja.

Jayabaya (14 Februari 1992)

Duk wektu iki, sangkalane : Dewa Hangasta Manggalaning dzat, Kedung ilang swantenipun, Pasar gandhang kumandangipun, Jim, lelembut, priprayangan, Mboten malih wonten kedung, Ananging sampun wonten jroning gedung, Tan tiningal dening pangripta, Ananging saget karaosaken ing nala

Artinya :

Pada masa itu ditandai dengan sengkala : DEWA HANGASTA MANGGALANING DZAT, muara kehilangan swara dan pasar besar kumandangnya. Jin, lelembut, peri, dan roh penasaran tidak lagi tinggal di muara-muara sungai, melainkan telah bermukim di gedung-gedung, tidak terlihat oleh mata tetapi dapat dirasakan dalam dada.

Sejatosipun tahun wanara punika, Tansah udan nggege mangsa, Lan babit kawitipun winalikan jaman, Yaksa tansah kasubya-subya, Jare donya kuwi nggawa kaprawiran lan kamulyan, Ananging muspra tinampa guna, Winalikan zaman perange Malawapati, Kang diugemi mboten perbawa mukti, Ananging perbawa sajroning lathi

Artinya :

Sesungguhnya di tahun kera ini, selalu terjadi hujan salah musim, ini merupakan bibit permulaan peralihan jaman, raksasa dipuja-puja, orang mengatakan harta menjadikan keperwiraan dan kemulian, tetapi nyatanya sia-sia, tiada guna. Peralihan jaman perang Malawapati, yang dikejar bukan suasana damai sejahtera, tetapi hanya perang mulut belaka.

Para satria mudhun, Hanengahi kahanan kang petheng dhedhet, Udan deres, banjur bandhang, Banyu nyamber-nyamber golek bebener, Peksi gagak ngguyu ngakak, Handedahar bothong kang sumebar, Perang Melawapati saking tembung lawa, Lawa sayektosipun kalong : Kalong pra yaksa jalarang pepati

Artinya :

Para ksatria turun di tengah-tengah suasana gelap gulita, hujan deras, banjir air bah, angin menyambar-nyambar mencari yang benar. Burung gagak tertawa terbahak-bahak memakan bangkai berserak, perang Malawapati berasal dari kata lawa, lawa⁴ sesungguhnya kalong yang berarti mengurangi jumlah raksasa melalui kematian.

Padha titenana, Nggege mangsa : Ya Ratu, ya kawula, ya dewa, Kang bebakal jumenen nata, Tansah adil, arif, lan wicaksana, Ngerti sadurunge winarah, Sabeja-bejane rimba kiat, Isih beja dusun lugu utun, Sampun kaserat ing subdhuning palon, Dumadi ingkang murbeng Jagat Raya, Tumuju ombyaking ramening kawula, Donya dadi onya, Lemah sakilan dadi prakaran, Kabeuh dha angkara, Ora ngahanani treping jiwa manungsa, Yaksa rebut-ducung lumebet jiwangsa manungsa, Aja meneh pra kawula, Ratune wae nggawa jiwa yaksa, Kang cinakah mayuta-yuta.

Artinya :

⁴ kata kalong berasal dari bahasa Jawa, memiliki dua arti yaitu (1) kelelawar/telawa. (2) berkurang.

Maka perhatikanlah akan segera terjadi : Raja, rakyat, dan dewa akan dinobatkan sebagai raja. Selalu adil, arif dan bijaksana. Sudah mengetahui sebelum munculnya kejadian. Seuntung-untungnya negara-negara kuat dengan hukum rimba masih beruntung dusu yang lugu sederhana.

Semua sudah tersurat dalam Sabdha yang berdasarkan dari Ilahi Tuhan Penguasa Semesta Alam. Menuju kearah pertikaian manusia, dunia menjadi kacau balau. Tanah sejengkal menjadi perkara. Semua berjiwa angakara. Tidak mengetahui kelayakan dan kepatutan jiwa manusia. Raksasa berebut memasuki jiwa-raga manusia. Apalagi rakyat, rajanya sendiripun memiliki jiwa raksasa yang berjuta-juta jumlahnya.

Ananging lamun donya muspra, Kalahe mung karo Aji Cengkir Gading, Kencenging pikir linambara sucining batin, Iku jamane samangke, Lan arep bebakal kedadean, Ing tahun sacedake ini, Sapa lugu, bodho, tansah longa-longo kaya kebo, Sejatosipun pra kinasihipun Dumadi, Lan hangrasa mukti, Ing zaman RATU ADIL JUMENENG NATA

Artinya :

Dan manakala harta benda menjadi sia-sia, yang menjadi andalan hanyalah aji cengkir gading yaitu pemikiran yang teguh dilandasi kesucian batin. Semuanya akan segera terjadi pada tahun-tahun dekat ini. Siapa yang lugu dan sederhana sesungguhnya menjadi kekasih Tuhandan merasakan damai sejahtera pada jaman Ratu Adil menjadi Raja.

Jayabaya (14 Februari 1992)

Ing surya kaping dwi nusa wulan tengah, Peksi Neraka sampun kedadosan kepenggel, Mustakanipun dening pra satrianing Jawata, Lan sirnaning Rahwana kang nitih, Rajawalinipun ing Tlatah Nusantara, Sayektosipun kedadosan ing tembe, Damparing kencana utawi pelenggahan raja kobong, Sinten tha kemawon tan wahyu Dewata Hakarya Jagatraya, Lenggah ing Damparing Kencana, Pinesthi tanpa yuswa dawa, Sanadyan tha saka trahing wiku, getih biru, Tan nemoni wahyu, ora bebakal nemoni mukti, Ananging nggawa pati, Jalaran pewaleran Damparing Kencana, Sampun dipun isi Sabdhaning Dumadi, Bisa lenggah, ananging ora bakal bungah, Tansah nemoni susah akeh prakaran samu gawe, Tukaran sarencang karyaning gesang

Artinya :

Pada bulan yang bersandikan Dwi Nusa Wulan Tengah, burung neraka akhirnya dapat dipenggal oleh ksatria Jawata, dan sirnaalah Rahwanan yang menunggang rajawali merakan di negeri Nusantara. Kemudian, singgasana kencana terbakar, siapa saja yang menduduki singgasana kencana tanpa wahyu Dewata Pencipta Jagatraya, dipastikan tidak berumur panjang. Sekalipun berasal dari galur wiku, darah biru, jika tanpa wahyu : tidak akan menemukan kesenangan, tetapi justru membawa maut. Karena kendala singgasana kencana yang telah diisi sabda Ilahi.

Dapat bertahta tetapi tidak akan bahagia, selalu dirundung nestapa. Ada banyak perkara, konflikdiantara rekan kerja.

Ananging kang sapa nggendorong wahyu tanpa sengaja, Tansah wedi lan ora bakal hangoncati, Tetap nyawiji mring karmaning Dumadi, Pramula dedasar sabdha Palon Naya Genggong, Kekembanganing puspa warna-warni, Awujud JAGO KLAWU kang isih dhere, Durung ucul saka winengkon JAWATA, Den Uculna mbesuk yen wis teka titimangsa tan nggege wayah

Artinya :

Siapa yang menerima wahyu tanpa sengaja, selalu merasa patuh dan tidak menghindar, tetap bersatu dengan karma Ilahi. Maka menggunakan dasar Sabdo Palon Naya Genggong. Berkembang puspa warna-warni, masih dalam wujud JAGO KLAWU yang masih muda. Belum lepas dari pangkuan Jawata. Akan dilepas nanti jika saatnya tiba. Tanpa memaksakan jentera sang kala.

Kahanan kang petheng dhedhet, Suraking pra Gatukaca, Nenggas dening mustakanig yaksa, Pungkase jengkare Rahwana saka penguasa Indrakila, Raseksi kang saiki tansah ngungkepi bumi, Ndhahar repi Merapi diemperi donya iki, Raseksi kang tansah mbrakoti Ibu Pertiwi iki, Tansah dumeuh, ajeg kaweleh, lan tanpa sumeleh

Artinya :

Suasana gelap-gulita, tepuk sorak para Gatukaca, memenggal kepala raksasa. Setelah lengsernya Rahwana dari negeri Inderakila. Ada raseksi yang selalu mengangangi bumi, menggerus, menghisap Bumi Pertiwi, menelan gunung Merapi, dan dunia dimonopoli. Dan raseksi yang selalu menggerogoti Ibu Pertiwi ini selalu sewenang-wenang, sering dipermalukan dan tiada kepasrahan.

Mula, sawise Sawung Klawu, Ucul saka winengkon Jawata, Kabeuh padha golek payuning gesang, Dathan ngutamaake dirining pribadi, Ananging karyanaktyasing sesami, Ora dumeuh, tansah semeleh, lan tanpa kaweleh

Artinya :

Maka setelah jago klawu lepas dariPangkuan Ilahi, semua akan mencari payung kehidupan. Tidak ada yang mengutamakan diri pribadi, melainkan berkarya demi menyenangkan hati sesama. Tidak ada sewenang-wenang, selalu pasrah, dan tidak ada yang dipermalukan.

Enggal tha wektu iki, Wus tumeka sangkalaning pra Dewa suci, Isih akeh kang samangke kedah dipun mawas-diri, Ngati-ati kang ndungkap winaliking zaman suci,

Lan pra manungsa ngakoni kamanungsane, Pria ngakoni kaprawirane, Wanita ngakoni kawanitane, Tan nata dening pria, Ananging wani ditata

Artinya :

Bergegaslah saat sekarang ini, sudah tiba isyarat waktu para Dewa suci. Masih banyak yang perlu diinterospeksi dan diwaspadai dalam menyongsong peralihan ke jaman suci.

Manusia akhirnya mengakui kemanusiaannya, pria mengakui keperwiraannya, wanita mengakui kewanitaannya, tidak menata pria melainkan berani ditata.

Pungkase RATU ADIL tumurun ing Bumi Pertiwi, Padha nggoleki jejering satria suci, Ya Bethara Indra ya Herumurti, Kang tansah nyungkemi sipatingsatria suci, Linambaran lantiping pikir lan weninging ati, Kanggo ngudari ruwet-rentenge donya iki, Tumuju mring buwana mukti, Kanthi asesanthi : Jaya jaya wijayanti, Suradirajayaningrat lebur dening pangastuti

Artinya :

Setelah Ratu Adil hadir di Bumi Pertiwi, maka dicarilah kiprah ksatria suci. Bethara Indra dan juga Herumurti, yang selalu tunduk kepada sifat-sifat ksatria suci. Berlandaskan ketajaman pemikiran dan kebeningenan hati untuk mengurai benang kusut persoalan dunia ini dan membawa kearah dunia damai sejahtera, dengan semboyan :

Jaya jaya wijayanti

Suradirajayaningrat lebur dening pangastuti

Ora punggawa ora kawula, Kabeh pada manasuka, Wus mukti ing Swarganing donya kanti sinarengan : PAMANGKU RATU KANG SATUHU, Adil paramarta berbudi bawa leksana, Para kawula padha suka-suka, Amarga adiling Pangeran wis teka, Para pandhita ya padha nguja, Genah katata njingglang, Nora ana wong pnggresula kurang, Gemah ripah loh jinawi, Wong Nusantara dadi mukti, Prabawane Nusantara handayani, Indering jagat raya padha asung bekti.

Artinya :

Para punggawa dan rakyat semuanya bersuka ria. Mengalami damai sejahtera dan sorga dunia, yang dibarengi oleh PAMANGKU RATU KANG SATUHU, adil bijaksana, berbudi luhur, berwibawa dan cakap. Rakyat bersuka-ria, karena keadilan Tuhan sudah tiba. Para ulama merasa lega, semua ditata dengan transparan tidak ada manusia yang mengeluh kurang. Gemah ripah loh jinawi rakyat Nusantara damai sejahtera. Pengaruh negeri Nusantara membangkitkan daya seluruh jagat raya untuk memberi hormat dan simpati.

**JANGKA JAYABAYA
SABDA GAIB**

Babon asli
Kagungan Dalem Bandara Pangeran Harya Suryanegara
Ing Ngayogyakarta

KINANTHI

1. Wirayat kanthi dahuru, lalakone jaman wuri, kang badhe jumeneng nata, amengku bawana Jawi, kusuma trahing narendra kang sinung panggalih suci.
2. Ing mangke kerseng Hyang Agung, taksih sinengkar marmaning, akeh ingkang katambuhan, mung para kang ulah batin, sinung wruh dening pangeran, iku kang saget mastani.
3. Dene wontene dahuru, sasampunehardi mrapi, gung kobar, saking dahara, sigar tengahira kadi, lepen mili toya lahar, ngidul ngetan njog pasisir.
4. Myang amblese Glacap gunung, sarto ing Madura nagri, meh gathuk lan Surabaya, sabibaripun tumuli, wiwit dahuru lonlona, saya lami saya ndadi.
5. Temah peperangan agung, rurusuh mratah sabumi mungsuhe datan karuhan, polahe jalma keha sami, kadi gabah ingenteran, montang-manting rebut urip.
6. Papati atumpuk undhung, desa morat-marit, kutha-kutha karusakan, kraton kalih manggih kinkin, ing sala kaleban toya Ngayogyakarta Sumingkir.
7. Ratu murca saking Kraton, ngilang kalingan cecedhis, sanget kasangsayanira, wus karsaning Hyang Widi, gaibing kang lelampahan, kinarya buwana balik.

SINOM

1. Sesotyaning tanah Jawa, oncat embananeki, owahingkang tata cara, golongan patang prakawis, aluluh dadi siji angrasuk kasudranipun, nagara tanpa tata, mung mruru kasil pribadi, tingaliratumujusalak rukma.
2. Kusuma Taruna tama, mbek suci ngupala wening, linawuran dening Allah, wus mantun denya pinigit, kinen anyapih sami, kang samya gung perang pupuh, lan

nyirnaken durmala mamalaning nungsa Jawi, gya tumindak nglakoni pakoning Allah.

3. Ngabaseng prang mung priyangga, prasasat tan ngadu jalmi, prajurite mung sirolah, tutunggale langgeng eling, parandene kang ara mangsah kabarubuh, durhaka tutumpesan, tan lami pan sirepsami, ginantyaning ing jaman kreta raha raja.
4. Pan wus ilang malaningrat, sinalin tutusing becik, lire murah sandhang tedha, durwiala, dursila enting, enak atine sami, wong Jawa sadayanipun, sawusnya tentran samya, neng gih sang Satriya suci, pan jinunjung wong ngakathah nadeg nata.
5. Ambawani tana Jawa, julukira Narpati, Kanjeng Sultan Herucakra, ugi kangjeng Ratu Adil, kawentar asmaneki, tekeng tanah sabrang kemput, tuhu musthikeng jana, nyata kakasi hing Widhi, mila tansah pinuji mring wong sajagad.
6. Dhuh sanggyaning sanakingwang, mangga sami den titeni, dora tanapi temenya, ujare riwayat gaib, mugi saget netesi, yeku pitulungan agung, nging kedah sawi srana, sranane tobat mring widhi, tobatira mung suci manah raha raja.
7. Wirayat gaib kang weca, yekti nora codra pasti, rawuhaw Sri Herucakra, lamun para pramugari, kang ngasta pusaraning, ing tanah Jawa sami emut, marang para kawula, nanging yen katungkul sami salah wengweng rerebatan mas salaka.
8. Yen mangkono pasti gila, Herucakra Ratu Adil, nora teka malah lunga, sarwi nabda nyupatani, dhuh Allah mugi mugi, maringi enget pukulan, mring pra manggaleng praja, suci jujur eka kapti, mangkono Ratu Adil enggal prapta.

9. Babaya ingkang tumeka, Warata satanah Jawi, Ginawe kang paring gesang , Tan kenging dipun singgahi, wit ing donya puniki, wonten ing sakwasanipun, sedaya pra Jawara, kinarya amertandhani, jagad iki yekti ana kang akarya.
10. Warna-warna kang bebaya, Angruken tanah Jawi, sagung tiyang nambut karya, pamedal mboten nyekapi, priyayi keh beranti, sudagar tuna sadarum, wong glidhing ora mingsra, wong tani ora nyukubi, pametune kabeh sirna aneng wana.
11. Bumi ilang brekatira, ama khatah kang ndatengi, katu kathah ingkang ilang, cinolong dening sujanmi, panrisaknya nglangkungi, karana rebut rinebut, risak tatanig janma, yen dalu grimis keh maling, yenrina a kathah tetiyang ambegal.
12. Heru hara sakeh janma, rebutan ngupaya bukti, tan ngetang anggering praja, tan tahan parihing ati, katungka praptaneki pageblug ingkang linangkung, lelara ngambra ambra , waradinsa tanah Jawi, ending sakit sorene sampun pralaya.
13. Kasandhung wohing pralaya, kaselak banjir ngenasi, udan barat salah mangsa, angin gung anggerisasi, kayu gung brastha sami, tinepuhing angin agung, kathah rebah amblasah, lapen-lepan sanya banjir, lamun tinon pan kadya samodra bera.
14. Alun minggah ing daratari, karya rusak tepis wiring, kang dumunung kering kanan , kajeng akeh ingkang keli, kang tumuwuh apinggir, sanya kenthir trusing laut, sela geng sami brastha, kabalebeg katut keli, gumalundhung gumludhug suwaranira.
15. Hardi agung-agung samya, heru hara nggegirisi, gemlegar suwaranira, lahar wutah kanan kering, ambleber angelebi, nrajang wana lan desa gung, manungsanya keh brastha, kebo sapi samya gusis, sirna gempang tan wonten mangga puliha.
16. Lindhu ping pitu sadina, karya sisahing sujalmi, sitinipun samya nela, brekasaan kang ngelesi, angyeret sagung janmu, amungsa pating galuruh, kathah kang nandang roga, warna warna ingkang sakit, awis waras akeh kang tekeng pralaya.
17. Sabda Palon nulya mukswa, sakedhap mboten kaeksi, wangslu ing janan limunan, langkung ngungun sri Bupati, njereg tan bisa angling, ing manah langkung gegetun, keduwung lepatira mupus karsaning Dewa Di, kodrat iku sayekti tan keno owah.

JANGKA JAYABAYA
SABDA PAMASA

Babon asli
Kagungan Dalem Kanjeng Pangeran Cakraningrat
Ing Ngayogyakarta

SINOM

1. Risaking kang tanah Jawa, kambah dening weweputih tebu wulung gagamanya, wong Jawaabosah basih, wong desa keh kang sedhiih, keles dening bawanipun, nalangsa mring Jawata, antuk sihira Hyang Widhi, cahya jenar mijil saking ing mbang wetan.
2. Anyunari Tanah Jawa, padhang sumilak mrat ani, wewe putih duk umirat, palarasan mundur sami, bali mring dhang kaneki, ingkang cahya gaya duduning, ana ing tanah Jawa, kawan dasa catur sasi, nuli sirna wong Jawaantuk ngapura.
3. Luwar saka ing babaya, jumeneng ngadeg pribadi, hamengku ing tanah Jawa, jumeneng atindak adil, mimitran liyan nagri, lampah nyatuntun-tinuntun, tan ana slayeng karsa, eca manahe pra alit, nagri harja mirah sandhang tumin redha.
4. Numbul darajating praja, anglir surya sonareki, warata satanah Jawa, tumeka ing kanan kering, kang miyat cahya yekti, blereng pra sami anungkul, tan kwasa miyat cahya, padhang sunanira wening sami prapta mangastuti jaya-jaya.
5. Mansuli risaking Jawa lawang sapta ngesthi aji, wong Jawa wus tan bisa bah, sangeting gung sansayekti, upami nyabrang kali, kalelep tengahing kedhung, kaline banjur bandhang, toya mulekngelem jalni, weh sangsaya wong Jawa akeh kang lena.
6. Babaya ingkang tumeka, wrata satanah Jawi, panggawening pra angkara, tan kena dipun singgahi, nglawane amug eling, suci tobat mring Hyang Agung, ing kono mbok manawa, antuk parmaning Hyang Widhi, yen tan tobat salawase manggung papa.
7. Warna-warna kang babaya, kang ngrusaken tanah Jawi, sagung tiyang nambut karya, pamedal boten nyekapi, priyayi keh kang lari, sudagar lit manut-manut, wong glindhing nora misra, wong tani nora nyukupi, pametune samui kalap mring nagara.
8. Hera-heru kehing jalma rebatan ngupaya kasil, nerak angger, kasusilan, ageng alit sami ugi, sinusul praptaneki, pageblug ingkang linangkung, kathah tiyang kang pejah, katungka rebutan singgih, nulya perang rowang amungsuh lan rowang.
9. Wus kasebut crita kuna, wacane jalma linuweh, kang wus kancap jroning jangka, wong Jawa sirna sapalih dene kang masih urip, yekti ana seratipun, karya nulak bebaya, kalise manggih bilahi, netepana kang wineca para kuna.

10. Padha sirna ngupaya, sarana ingkang sajati, sahadat iman sampurna, sampurna jatining urip, yen sira bisa olih, nyataknna ingkang satuhu, kang nganti prapteng laya, pra laya sajroning urip, sinaranan suci eling mring Hyang suksma.
11. Yen tan suci tan kapanggya, takokna guru sejati, kang wus putus wenining tyas suci, santosang ing kapti, buda budimu yekti, ko anut riten dalu, ing ngendi dunung ngira, lawan asalira nguni, kang bisa wrin mung wong kang bener lakunya.
12. Yen sira wus nora cidra, neruhi jatining urip, kadya rumput aneng tegal, tegal jun sinebar wiji, gineru laku sami, rumput samsa sirna mawut, lamun nedya yuwana, luput ing sakalir-kalir, bisa nusup garu luku selanira.
13. Padha sira netepan, janjine ywa nggendlhong lali, antepana tekeng lampus, wi cang lamun tan nyatan, yen mangkono yekti panggih, ngukuhana sabdapalon wacanira.
14. Sri Narendra Brawijaya, sabdanira arum manis, nantun dhatang punakawan, sabdapalon paran karsi, jenengingsun puniki, wus ngrasuk agama rasul, heh kakang pekenria, melua agama abi, lusih becik iku agama kang mulya.
15. Sabdapalon ture sagal, pan kawulo boten arsi, angrasuk agama Islam, wit kulo puniki yekti, Ratuning Dhanyang Jawi, momong maring anak putu, sagunging pri prayangan, kang dudunung tanah Jawi, wus pinasthi yekti kula pipisahan.
16. Kalawan paduka nata, sun wangsl kajiman malih, mung matur pitungkas. Mbenjing ing sapungkur mami, yen wus prapta ing wanci jangkep gangsal atus tahun, wiwit dinten punika, kula gentos ingkang nampi, gami buda kula sebar tanah Jawa.
17. Sinten tan purun nganggowo, yekti kula risak sami, sun ayahken putra kula, para parayangan peri, dereng lega ing ati, lamun dereng lebur ing tempur, kula damel pratandha, pratane tembayan mami, ardi Mrapi yen njeblog medal lahar.
18. Ngidul ngetan paranira, ngganda banger ingkang warih, nggih punika wedal kula, wiwit nyebar gama budi, tetep prajanji mami, anggeing kodrat satuhu, karsanireng Jawata, sedaya gilir gumanti, datan kating kalamun ingowahana.
19. Sabdapalon nulya inusna, sakedap datan kaeksi, wangsl mring jaman kajiman langkung ngungun Sri Narpati, njenger tan bisa angling, kang manah langkung gegetun, kaduwung salahira, mupus karsaming Dewa Iwih, kodrat iku sayektitan keno owah.

JANGKA JAYABAYA
Pethikan seratan tangan

PANGKUR

1. Sekar pangkur ginupita, wonten resi saking ing ngatas angin, ngajawi njujug ing gunung, kondhang tanah ngayugya, asung weca yen Hardi Merapi njeblug, benjing pecah hardi sigar, dadi kali tanggung nami.
2. Ngayugya kalawan Sala, dadya pisahdatan anunggal siti, sinela kali Tanggung, ilining ponang tirta, langkung banter anjog ing seganten kidul, para dhemit kagegeran, wadyane sang Ratu Dewi.
3. Jeng Ratu Kidul punika, para dhemit dharat amor lan jalmi, sarengan lindhumi ping pitu, obah bumi prakempa, gara-gara gonjang-ganjing agumuruh, gunung kendheng lorot gempal udan awu wah kerikil.
4. Caleret taun ngregancang, kilat thathit kukuwung obar-abir, rakartapindahipun, tan kenging yen dinuwa, apen sampun pepesti nira Hyang Agung, yeku nagri Surakarta, karatone benjing angadeg.
5. Kacrita woten bangawan, pan ing wara ketingga manggih mukti, suli wirayat wau, longsor pecahing harga, ingkang tirta amili awor lan endhut, lan rawa pening Bahrawa, mubal gni keh jalma.
6. Sinarengan ing tanah Jawa, nuli wonten penyakitandhatengi, lamon tri wulan iku, satanah Jawa wrata, pra kawula sami giris manahipun, kataman bebenduning Hyang, nya rengi mangsa paceklik.
7. Jumenengira Narendra, kalamrecu candrane srinarpati, kalasesatihipun, ngalamat praja rengka, nagri pindhah akathah bot reipun, kawulane saya ndadra, ing prakarti kan tan yukti.
8. Kawastanan Jaman edan, kathah jaman nglampahi sungsang balik taman ing kala bendu, mukarda ngambra-ambra para ambleg sarjan kontit kasingkur, kasor hardaning angkara, murka candalaning.
9. Wong agung rerembbehak, marang raja branartane wong cilik, lang tabete budyayu, kisruh adiling praja, pra kawula sami andhang pakewuh, wuwuh-wuwuh tanpa mendha, pinupu pajeg mas pici.
10. Kathah solahing kawula, kukumpulan arsa ngupaya budi, nanging tawur-tawuri tinalen ing pepacak, dening praja ingkang ngasta kumapus, kang tan welas mring kawula, ratu nakoda mbeg juti.
11. Puniku pinanggihra, nanging wuri badhe atibul malih, angsa tulung Hyang Agung, wngsul wahyu nurbuawat, tanah Jawa pulih di duk rumuhun, Majapahit di ing kina, nagri mandiri pribadi.
12. Gemah ripah harja kerta, tata tentrem ing salami-lami, ilang kang samya laku dur, murah sandhang lan boga, kang hamangkuasih mring kawulanipun, lumintu salining dana, sahasta pajeg sarispis.
13. Siti sajung mung sareal, tanpa ubarampe sanese malih, antinen bae meh rawuh, mulyaning tanah Jawa, awit saking tan karegon liyanipun, nakoda wus tan kuwasa, pulih asal mung gagrami.

RAMALAN JAYABAYA MUSARAR

PUPUH ASMARANDANA

1. Kitab Musarar inganggat, Duk sang Prabu Joyoboyo, Ing Kediri Kedhatone, Rartu agagah prakosa, Tan ana kang malanga, Parang muka samya teluk, Pan sami ajrih sedaya,
2. Milane sinungan sakti, Bathara Wisnu punika, Anitis ana ing kene, Ing Sang Prabu Jayabaya, Nalikane mangkana, Pan jumeneng Ratu Agung, Abala para Narendra,
3. Wusnya mangkana winarni, Lami-lami apeputra, Jalu apekik putrane, Apanta sampun diwasa, Ingadekaken raja, Pagedongan tanahipun, Langkung arja kang nagara,
4. Maksihe bapa anenggih, Langkung suka ingkang rama, Sang Prabu Jayabayane, Duk samana cinarita, Pan arsa katamiyan, Raja Pandita saking Rum, Nama Sultan Maolana,
5. Ngali Samsujen kang nami, Saprapthane sinambrama, Kalawan pangabektine, Kalangkung sinuba suba, Rehning tamiyan raja, Lan seje jinis puniku, Wenang lamun ngurmatana.
6. Wus lengkah atata sami, Nuli wau angandika, Jeng Sultan Ngali Samsujen, “Heh Sang Prabu Jayabaya, Tatkalane ta iya, Apitutur ing sireku, Kandhane Kitab Musarar.
7. Prakara tingkahe nenggih, Kari ping telu lan para, Nuli cupet keprabone, Dene ta nuli sinelan, Liyane teka para,” Sang Prabu lajeng andeku, Wus wikan titah Bathara.
8. Lajeng angguru sayekti, Sang a Prabu Jayabaya, Mring Sang raja panditane, Rasane Kitab Musarar, Wus tunumplak sadaya, Lan enget wewangenipun, Yen kantun nitis ping tiga.
9. Benjing pinernahken nenggih, Sang a Prabu Jayabaya, Aneng sajroning tekene, Ing guru Sang a Pandita, Tinilar aneng Kakbah, Imam Supingi kang nggadhuh, Kinarya nginggahken kutbah.
10. Echis wesi udharati, Ing tembe ana Molana, Pan cucu rosul jatine, Alunga mring Tanah Jawa, Nggawa ecis punika, Kinarya dhuwung puniku, Dadi pundhen bekel Jawa.
11. Raja Pandita apamit, Musna saking palenggahan, Tan antara ing lamine, Pan wus jangkep ing sewulan, Kondure sang Pandita, Kocapa wau Sang Prabu, Animbalii ingkang putra.
12. Tan adangu nulya prapti, Apan ta lajeng binekta, Mring kang rama ing lampaque, Minggah dhateng ardi padhang, Kang putra lan keng rama, Sakpraptanira ing gunung, Minggah samdyaning arga.

13. Wonten ta ajar satunggil, Anama Ajar Subrata, Pan arsa methuk lampuhe, Mring Sang Prabu Jayabaya, Ratu kang namur lampah, Tur titis Bathara Wisnu, Njalma Prabu Jayabaya.
14. Dadya sang Jayabaya ji, Waspada reh samar-samar, Kinawruhan sadurunge, Lakune jagad karana, Tindake raja-raja, Saturute laku putus, Kalawan gaib sasmita.
15. Yen Islam kadi nabi, Ri Sang Aji Jayabaya, Cangkrameng ardi wus suwe, Apanggih lawan Ki Ajar, Ajar ing gunung Padhang, Awindon tapane guntur, Dadi barang kang cinipta.
16. Gupuh methuk ngacarani, Wus tata denya alenggah, Ajar angundang endhange, Siji nyunggi kang rampadan, Isine warna-warna, Sapta warna kang sesuguh, Kawolu lawan ni endang.
17. Juwadah kehe satakir, Lan bawang putih satalam, Kembang melathi saonthong, Kalawan getih sapitrah, Lawan kunir sarimpang, Lawan kajar sawit iku, Kang saonthong kembang mojar.
18. Kawolu endang sawiji, Ki Ajar pan atur sembah, "Punika sugataningong, Katura dhateng paduka, Sang Prabu Jayabaya, Awas denira andulu, Sedhet anarik curiga.
19. Ginoco Ki Ajar mati, Endhange tinuweg pejah, Dhuwung sinarungken age, CantriKE sami lumajar, Ajrih dateng sang nata, Sang Rajaputra gegetun, Mulat solahe kang rama.
20. Arsa matur putra ajrih, Lajeng kondur sekaliyan, Saprapitanira kedhaton, Pinarak lang ingkang putra, Sumiwi munggweng ngarsa, Angandika Sang a Prabu, Jayabaya mring kang putra.
21. "Heh putraningsun ta kaki, Sira wruh solahing Ajar, Iya kang mati dening ngong, Adosa mring guruningwang, Jeng Sultan Maolana, Ngali Samsujen ta iku, Duk maksih sami nom-noman.

PUPUH SINOM

1. Pan iku uwis winejang, Mring guru Pandita Ngali, Rasane Kitab Musarar, Iya padha lawan mami, nanging anggelak janji, Cupet lelakoning ratu, Iya ing tanah Jawa, Ingsun pan wus den wangeni, Kari loro kaping telune ta ingwang.
2. Wen wis anitis ping tiga, Nuli ana ing jaman maning, Liyane panggaweningwang, Apan uwus den wangeni, Mring pandita ing nguni, Tan kena gingsir ing besuk, Apan talinambangan, Dene Maolana Ngali, Jaman catur semune segara asat.
3. Mapan iku ing Jenggala, Lawan iya ing Kediri, ing Singasari Ngurawan, Patang ratu iku maksih, bubuhan ingsun kaki, Mapan ta durung kaliru, Negarane rahajra, Rahayu kang bumi-bumi, Pan wus wenang anggempur kang dora cara.

Maksih turun Mataram, Jejuluke kang negari, Nyakrawati kadhatone tanah Pajang.

17. Ratu abala bacingah, Keringan ing nuswa Jawi, Kang miwiti dadi raja, Jejuluke Layon Keli, Semu satriya brangti, Iya nuli salin ratu, Jejuluke sang nata, Semune kenyamusoni, Nora lawas nuli salin panjenengan.
18. Dene jejuluke nata, Lung gadung rara nglingkasi, Nuli salin gajah meta, Semune tengu lelaki, Sewidak warsa nuli, Ana dhawuhing bebendu, Kelem negaranira, Kuwur tatanning negari, Duk semana pametune wong ing ndesa.
19. Dhuwit anggris lawan uwang, Sawab ingsun den suguh, Rupa getih mung sapitrah, Nuli retu kang nagari, Ilang barkating bumi, Tatane Parentah rusuh, Wong cilik kesrakatan, Tumpa-tumpa kang bilahi, Wus Pinesthi nagri tan kena tinambah.
20. Bojode ingkang negara, Narendrapisah lan abdi, Prabupati sowang-sowang, Samana ngalih nagari, Jaman Kutila genti, Kara murka ratunipun, Semana linambangan, Dene Maolana Ngali, Panji loro semune Pajang Mataran.
21. Nakoda melu wasesa, Kaduk bandha sugih wani, Sarjana sirep sadaya, wong cilik kawelas asih, Mah omah bosah basih, Katarajang marga agung, Panji loro dyan sirna, Nuli Rara ngangsu sami, Randha loro nututi pijer tetukar.
22. Tan kober paes sarira, Sinjang kemben tan tinolih, Lajengipun sinung lambang, Dene Maolana Ngali, Samsujen Sang a Yogi, Tekane Sang Kala Bendu, Ing Semarang Tembayat, Poma den samya ngawruhi, Sasmitane lambang kang kocap punika.
23. Dene pajeg wong ndesa, Akeh warnanira sami, Lawan pajeg mundak-mundak, Yen panen datan maregi, wuwuh suda ing bumi, Wong dursila saya ndarung, Akeh dadi durjana, Wong gedhe atine jail, Mundhak tahun mundhak bilaining praja.
24. Kukum lan yuda nagara, Pan nora na kang nglabeti, Salin-salin kang parentah, Aretru patraping adil, Kang bener-bener kontit, Kang bandhol-bandhol pan tulus, Kang lurus-lurus rampas, Setan mindha wahyu sami, Akeh lali mring Gusti miwah wong tuwa.
25. Ilang kawiranganingdyah, Sawab ingsun den suguh, Mring Ki Ajar Gunung Padang, Arupa endang sawiji, Samana den etangi, Jaman sewu pitung atus, Pitung puluh pan iya, Wiwit prang tan na ngaberi, Nuli ana lamate negara rengka.
26. Akeh ingkang gara-gara, Udan salah mangsa prapti, Akeh lindhu lan grahana, Dalajate salin-salin, Pepati tanpa aji, Anutug ing jaman sewu, Wolung atus ta iya, Tanah Jawa pothar-pathir, Ratu Kara Murka Kuthila pan sirna.
27. Dene besuk nuli ana, Tekane kang tunjung putih, Semune pudhak kasungsang, Bumi Mekah dennya lair, Iku kang angratoni, Jagat kabeh ingkang mengku, Juluk Ratu Amisan, Sirep musibating bumi, Wong nakoda milu manjing ing samuwan.

28. Prabu tusing waliyulah, kadhatone pan kekalih, Ing Mekah ingkang satunggal, Tanah Jawi kang sawiji, Prenahe iku kaki, Perak lan gunung perahu, Sakulone tempuran, Balane samyajrih asih, Iya iku ratu rinenggeng sajagad.
29. Kono ana pangapura, Ajeg kukum lawan adil, Wong cilik pajoge dinar, Sawab ingsun den suguh, Iya kembang saruni, Mring Ki Ajar iku mau, Ing nalika samana, Mulya jenenging narpati, Tur abagus ese me lir madu puspa.

PUPUH DADANGGULA

1. Langkung arja jamane narpati, Nora nana pan ingkang nanggulang, Wong desa iku wadale, Kang duwe pajeg sewu, Pan sinuda dening Narpati, Mung metu satus dinar, Mangkana winuwus, Jamanira pan pinetang, Apan sewu wolungatus anenggih, Ratune nuli sirna.
2. Ilang tekan kedhatone sami, Nuli rusak iya nungsa Jawa, Nora karuhan tatane, Pra nayaka sadarum, Miwah manca negara sami, Pada sowang-sowangan, Mangkana winuwus, Mangka Allah Tangala, Anjenengken Sang Ratu Asmarakingkin, Bagus maksih taruna.
3. Iku mulih jenenge Narpati, Wadya punggawa sujud sadaya, Tur padha rena prentahe, Kedhatone winuwus, Ing Kediri ingkang satunggil, Kang siji tanah Ngarab, Karta jamanipun, Duk semana pan pinetang, Apan sewu Iwi sangang atus anenggih, Negaranira rengka.
4. Wus ndilalah kersaning Hyang Widhi, Ratu Perangi anulya prapta, Wadya tambuh wilangane, Prawirane kalangkung, Para ratu kalah ngajurit, Tan ana kang nanggulang, Tanah Jawa gempur, Wus jumeneng tanah Jawa, Ratu Prenggi ber budi kras anglangkungi, Tetep neng tanah Jawa.
5. Enengena Sang Nateng Parenggi, Prabu ing Rum ingkang pinupita, Lagya siniwi wadyane, Kya patih munggweng ngayun, Angandika Sri Narapati, “Heh patih ingsun myarsa, Tanah Jawa iku, Ing mangke ratune sirna, Iya perang klawan Ratu Parenggi, Tan ana kang nanggulang.
6. Iku patih mengkata tumuli, Anggawaa ta sabalanira, Poma tundungen den age, Yen nora lunga iku, Nora ingsun lilani mulih”, Ki Patig sigra budal, Saha balanipun, Ya ta prapta Tanah Jawa, Raja Prenggi tinundhung dening Ki Patih, Sirna sabalanira.
7. Nuli rena manahe wong cilik, Nora ana kang budi sangsaya, Sarwa murah tetukone, Tulus ingkang tinandur, Jamanira den jujuluki, Gandrung-gandrung neng marga, Andulu wong gelung, Kekendon lukar kawratan, Keris parung dolen tukokena nuli, Campur bawur mring pasar.
8. Sampun tutug kalih ewu warsi, Sunya ngegana tanpa tumingal, Yen meh tekan dalajate, Yen Kiamat puniku, Ja majuja tabatulihi, Anuli larang udan, Angin topan rawuh, Tumangkeb sabumi alam, Saking kidul wetan ingkang andatengi, Ambedol ponang arga.

CURICULUM VITAE

Biodata :

N a m a : Arif Widayanto
T T L : Bantul, 02 Oktober 1980
A l a m a t : Bonggalan, RT 03 RW 09, Srigading, Sanden, Bantul, Jogjakarta.
Kode Pos 55763.

Keluarga :

A y a h : Suparjo, A. Ma. Pd.
I b u : Wakirotinah (almarhumah)
K a k a k : Sri Wahyu Widati, S.Si.
 Aris Wardani, SE

Pendidikan :

- | | |
|---|-----------------------|
| 1. SD Negeri Bonggalan, Sanden, Bantul | Tahun 1986-1992 |
| 2. SMP Negeri I Sanden, Bantul | Tahun 1992-1995 |
| 3. SMU Negeri 02 Bantul | Tahun 1995-1998 |
| 4. Jurusan Aqidah dan Filsafat, Fak. Ushuluddin
Institut Agama Islam Negeri Sunan Kalijaga | Tahun 1998 – sekarang |
| 5. Program Akta IV/Fak. Agama Islam
Universitas Muhammadiyah Yogyakarta | Tahun 2003 |

Pengalaman Organisasi :

1. Ketua Umum Kelompok Ilmiah Remaja “Ririhing Sabdo Amardisiwi” (RISAS), SMUN 02 Bantul, tahun 1996-1997.
2. Juru Adat Dewan Ambalan “Diponegoro-RA Kartini” Gugus Depan 1065-1066, SMUN 02 Bantul, tahun 1996-1997.
3. Ketua Divisi Jurnalistik, Bidang Pendidikan Kepemimpinan OSIS SMU 02 Bantul, Tahun 1996-1997.
4. Anggota Tim Rimba Gunung (RG) Mapalaska IAIN Sunan Kalijaga, Tahun 1999-2000.
5. Ketua Umum Keluarga Alumni Remaja Ilmiah SMA/SMU 02 Bantul (KARISMADA), Bantul, Yogyakarta, Tahun 1998-2003.
6. Sekretaris Majelis Pertimbangan Alumni SMPP 44/SMA 02/SMU 02 Bantul, Tahun 2000.
7. Ketua Bidang Jurnalistik dan Majalah Dinding Remaja Islam al-Firdaus (RIA), Desa Srigading, Kecamatan Sanden, Kabupaten Bantul, Tahun 1993-1998.
8. Ketua Umum Remaja Islam Masjid al-Hidayah (RISMAYA) Desa Srigading, Kecamatan Sanden, Kabupaten Bantul, Tahun 2001.
9. Anggota Bidang Organisasi Pimpinan Daerah Ikatan Remaja Muhammadiyah Kabupaten Bantul Tahun 2000-2001.
10. Ketua Hikmah & Advokasi Pimpinan Daerah Ikatan Remaja Muhammadiyah Kabupaten Bantul, Tahun 2001-2002.
11. Sekretaris Umum Pimpinan Ranting Pemuda Muhammadiyah Desa Srigading Kecamatan Sanden Kabupaten Bantul, Tahun 1999-2003.
12. Sekretaris 1 Pimpinan Daerah Pemuda Muhammadiyah Kabupaten Bantul, Periode 2002-2006.